



Comptroller Sean Scanlon  
165 Capitol Avenue  
Hartford, CT 06106-1775  
860-702-3301



# Ekonomize sou Preskripsyon avèk ArrayRx

Preskripsyon yo chè, men ak Kat Rabè Dijital ArrayRx la, moun k ap viv nan Connecticut te ekonomize an mwayèn \$200 chak mwa sou medikaman yo.

Dernye pwogram Connecticut la gratis epi fasil pou itilize.

## Sa a se yon Pwogram pou Fè Ekonomi nan Zafè Famasi, se Pa yon Asirans

Kat rabè dijital la disponib pou nenpòt moun ki estab oswa ki pa estab nan Connecticut – nenpòt laj, revni, estati imigrasyon, oswa asirans moun lan.



## Kisa Ou Ka Fè ak Kat Dijital Rabè Ou a

- Ekonomize Jiska 80% sou tout medikaman FDA apwouve, san wete:
  - Preskripsyon pou medikaman ou dwe pran chak jou
  - Medikaman pou sispann fimèn
  - Founiti pou dyabèt
  - Vaksinasyon – grip, zona, nemoni, ak plis ankò
  - Medikaman san preskripsyon ki gen yon Kòd Nasyonal Medikaman (National Drug Code, NDC)
- Konpare pri yo anliy
- Itilize nan plis pase 64,000 famasi nan tout peyi a (gen 98% famasi nan Connecticut ki ladan)

## Kòman pou Itilize Kat Rabè Dijital Ou a

- Enskri sou [arrayrxcard.com](https://arrayrxcard.com). Ou ka rele **800-913-4146** pou jwenn èd pou enskri a.
- Enfòmasyon ou yo konplètman konfidansyèl.
- Montre famasyen w lan Kat Rabè Dijital ou a.

## Konnen Anvan Ou Ale

Gade pri preskripsyon yo avèk **zouti pou Jwenn yon Medikaman an** sou [arrayrxcard.com](https://arrayrxcard.com). Sèlman ranpli enfòmasyon yo pou wè pri preskripsyon ou an nan famasi patnè ki nan zòn ou an.

**Li konplètman gratis! San frè pou manm.**

# Ou gen kesyon? Nou gen repons.

## Kisa Mwen Kapab Fè pou Mwen Jwenn yon Kat Rabè Dijital ArrayRx?

Ale sou [arrayrxcard.com](http://arrayrxcard.com) pou enskri. Telechaje Kat Rabè Dijital ou a epi anrejistre li sou esmatfòn ou, oswa fè eskrinchòt kat la pou montre famasyen w lan. Kòmanse ekonomize.

## Poukisa ou dwe chwazi ArrayRx?

Antanke yon pwogram eta Connecticut, ArrayRx gratis pou itilize, san restriksyon, epi asire enfòmasyon ou yo pwoteje ak konfidansyèl.

## Kilè mwen kapab kòmanse itilize Kat Rabè Dijital mwen an?

Ou ka kòmanse itilize Kat Rabè ou a imedyatman apre w fin enskri sou [arrayrxcard.com](http://arrayrxcard.com).  
Rele **800-913-4146** pou jwenn èd pou enskri a.

## Kisa pou m fè si m ap vwayaje?

Ou ka itilize Kat Rabè Dijital ArrayRx ou a nan plis pase 64,000 famasi nan tout peyi a. Itilize **zouti Rechèch Famasi a** ki sou [arrayrxcard.com](http://arrayrxcard.com) pou jwenn youn ki toupre w.

## Èske mwen ka itilize Kat Rabè mwen an olye mwen itilize asirans sante?


Wi, ou ka itilize Kat Rabè Dijital la si asirans sante w la oswa plan Medicare ou a pa kouvri yon medikaman oswa pou w jwenn yon pri ki pi bon mache pase sa plan w lan ofri a. Acha ak Kat Rabè w la **p ap** konte nan kalkil franchiz ou oswa nan limit depans pèsònèl ou.

## Èske fanmi mwen ka itilize Kat Rabè mwen an?

Non, men chak moun nan fanmi w ka enskri pou jwenn pwòp Kat Rabè Dijital yo, kèlkeswa laj yo.

## Ou Gen Kesyon?

Voye yon imèl bay ArrayRx nan [info@arrayrxcard.com](mailto:info@arrayrxcard.com) oswa rele **800-913-4146**, 10:30 a.m. jiska 8:30 p.m., lendi jiska vandredi.



Comptroller Sean Scanlon  
165 Capitol Avenue  
Hartford, CT 06106-1775  
860-702-3301

 **ArrayRx**  
DISCOUNT CARD